ФЕДЕРАЛЬНОЕ АГЕНТСТВО НАУЧНЫХ ОРГАНИЗАЦИЙ РОССИИ

ФЕДЕРАЛЬНОЕ ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ НАУЧНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ
«ФЕДЕРАЛЬНЫЙ НАУЧНЫЙ ЦЕНТР «КАБАРДИНО-БАЛКАРСКИЙ НАУЧНЫЙ ЦЕНТР РОССИЙСКОЙ АКАДЕМИИ НАУК» (КБНЦ РАН)

НАУЧНО-ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫЙ ЦЕНТР КБНЦ РАН

**«СОГЛАСОВАНО»**
На заседании Ученого совета КБНЦ РАН
«11» июня 2017 г.
Постановление № 7

**«УТВЕРЖДЕНО»**
Председателем КБНЦ РАН
П.М.Иванов
«11» июня 2017 г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
УЧЕБНОЙ ДИСЦИПЛИНЫ
**Б1.В.ДВ.2.1 «ОСНОВЫ АДЫГСКОГО СТИХОСЛОЖЕНИЯ»**

Направление подготовки
45.06.01 ЯЗЫКОЗНАНИЕ И ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИЕ
Специальность:
10.01.02 – Литература народов Российской Федерации (литература народов Северного Кавказа)

Нальчик
2017

**Рецензент:**

**Баков Х.И.,** доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник ИГИ КБНЦ РАН.

Рабочая программа дисциплины «Основы адыгского стихосложения» / Сост. Л.Б. Хавжокова. – Нальчик: НОЦ КБНЦ РАН, 2017. – 22 с.

Рабочая программа составлена в соответствии с Федеральным государственным образовательным стандартом по направлению подготовки научно-педагогических кадров в аспирантуре 45.06.01 Языкознание и литературоведение (уровень подготовки кадров высшей квалификации) (Приказ Минобрнауки России от 30.07.2014, N 903), Порядком организации и осуществления образовательной деятельности по программам подготовки научно-педагогических кадров в аспирантуре (Приказ Минобрнауки России от 19 ноября 2013 г. N 1259), с учетом направленностей образовательных программ, соответствующих научным специальностям, отнесенных Приказом Минобрнауки России №1132 от 02.09.2014 к указанному направлению подготовки.

Составитель ________________ Л.Б. Хавжокова

Рабочая программа рассмотрена на заседании кафедры языкознания и литературоведения
Протокол от «30» 06 2017 г. № 2

Зав. кафедрой Бижоев Б.Ч., д.ф.н., проф. ________________
(ФИО, ученая степень, ученое звание) (подпись)

Руководитель НОЦ КБНЦ РАН Жаноибова М.В. к.ф.н. ________________
(ФИО, ученая степень, ученое звание) (подпись)

Хавжокова Л.Б., 2017
НОЦ КБНЦ РАН, 2017

## Содержание

Пояснительная записка....................................................................................4
1. Цели и задачи освоения дисциплины..........................................................4
2. Место дисциплины в структуре ООП.........................................................4
3. Требования к результатам освоения содержания дисциплины..................5
4. Структура и содержание дисциплины.........................................................6
4.1. Структура дисциплины ..............................................................................6
4.2. Содержание дисциплины ...........................................................................6
4.3. Методические указания к самостоятельному изучению разделов дисциплины.................................................................................................10
5. Образовательные технологии.....................................................................12
6. Оценочные средства для текущего контроля успеваемости и промежуточной аттестации............................................................................13
7. Учебно-методическое обеспечение дисциплины.......................................21
7.1. Основная литература.................................................................................21
7.2. Дополнительная литература......................................................................21
7.3. Интернет-ресурсы......................................................................................21
8. Программное обеспечение современных информационно-коммуникационных технологий...................................................................22
9. Материально-техническое обеспечение дисциплины.................................22

## Пояснительная записка

В школьной программе по кабардинской литературе и программе профильных факультетов вузов вопросы стихосложения занимают значительное место. Программой предусматривается, что выпускники средних и высших образовательных учреждений должны обладать определенным минимумом знаний по теории литературы. Однако преподавание проблемы стихосложения не всегда огранизовано на должном уровне. И это связано с тем обстоятельством, что в кабардинском литературоведении вопросы стихосложения разработаны недостаточно и сами учителя-словесники и преподаватели не обладают глубокими познаниями в области теории стиха. В какой-то степени, исправляя этот пробел, аспирантам, обучающимся в аспирантуре по направленности 10.01.02 – Литература народов РФ (литература народов Северного Кавказа) читается данная спецдисциплина. Она ориентирована на ознакомление аспирантов с основными вопросами адыгского стихосложения и обучение их анализированию техники стиха.

## 1. Цели и задачи освоения дисциплины

*Целями* освоения дисциплины (модуля) являются:

– выработка у аспирантов навыков разбора стихотворения, их обучение умению выявления размера стиха;

– ознакомление с теоретическими исследованиями в области адыгского стихосложения;

– расширение знаний по кабардино-черкесской литературе;

– обучение аспирантов правильно ориентироваться в существующей литературе по данной проблематике с позиции исторической объективности.

*Задачи дисциплины*:

– глубокое и всестороннее ознакомление студентов с основами адыгского стихосложения;

– знакомство с художественными произведениями поэтов;

– знакомство с особенностями адыгского стиха, со своеобразной народной рифмой, спецификой силлабо-тонического стихосложения.

## 2. Место учебной дисциплины в структуре ОПОП

Данная учебная дисциплина входит в раздел Б1.В.ДВ 2 – «Дисциплины по выбору аспиранта» ОПОП послевузовского профессионального образования (аспирантура).

Для успешного освоения курса аспиранты должны не только знать историю национальной литературы, этапы ее эволюционного пути, но и обязаны глубоко разбираться в проблемах ее зарождения, основных истоках ее развития и художественных особенностях.

## 3. Требования к результатам освоения содержания дисциплины

Процесс изучения дисциплины направлен на формирование элементов следующих компетенций в соответствии с ФГОС ВПО и ОПОП ВПО по данному направлению:

***универсальные компетенции*:**

- способность к критическому анализу и оценке современных научных достижений, генерированию новых идей при решении исследовательских и практических задач, в том числе в междисциплинарных областях (УК-1);
- способность планировать и решать задачи собственного профессионального и личностного развития (УК-5);

***– общепрофессиональные компетенции:***

- способность самостоятельно осуществлять научно-исследовательскую деятельность в соответствующей профессиональной области с использованием современных методов исследования и информационно-коммуникационных технологий (ОПК-1);

***– профессиональные компетенции*:**

– способность к самостоятельному проведению научно-исследовательской работы и получению научных результатов, удовлетворяющих установленным требованиям к содержанию диссертаций на соискание ученой степени кандидата наук по направленности (научной специальности) 10.01.02 – Литература народов Российской Федерации (литература народов Северного Кавказа) (ПК-1);

- способность оформлять и представлять научному сообществу результаты исследования (ПК-2);
- владение базовыми навыками сбора и анализа различных типов информации с использованием традиционных методов и современных информационных технологий (ПК-3).

В результате освоения дисциплины аспирант должен:

**Знать:**

- ➢ историю национальной культуры;
- ➢ основные предпосылки возникновения и развития литературы;
- ➢ этапы развития кабардино-черкесской литературы;
- ➢ фундаментальные понятия адыгского стихосложения;
- ➢ творческий путь ведущих национальных поэтов; основные размеры стихосложения, используемые в их произведениях;
- ➢ современное состояние кабардино-черкесской поэзии.

**Уметь**:

- ➢ применять полученные знания при изучении других филологических дисциплин;
- ➢ выделять конкретные литературные факты в прикладной сфере профессиональной деятельности;

- пользоваться научной и справочной литературой, библиографическими источниками и современными поисковыми системами;
- ориентироваться в вопросах стихосложения;
- глубоко анализировать стихотворения, определять их художественные особенности, ритмику, рифму, размер.

**Владеть**:

- навыками анализа поэтических произведений;
- способностью применять знания в практической профессиональной сфере;
- глубоко разбираться в проблемах адыгского стихосложения.

## 4. Структура и содержание дисциплины

### 4.1. Структура дисциплины

Общая трудоемкость дисциплины составляет 3 зачетные единицы (108 часов).

| Вид работы | Количество часов |
|---|---|
| **Общая трудоемкость** | 108 |
| **Аудиторная работа:** | 50 |
| *Лекции (Л)* | 50 |
| *Практические занятия (ПЗ)* | |
| **Самостоятельная работа:** | 56 |
| Самостоятельное изучение разделов | 56 |
| **Вид итогового контроля (зачет)** | 2 |

### 4.2. Содержание дисциплины

| №раздела / темы | Наименование раздела | Содержание раздела | Форма текущего контроля |
|---|---|---|---|
| 1. | Адыгэ усэ гъэпсыкIэр джыным и тхыдэ | **Усэ.** УсэкIэ зэджэр. Усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. Усэмрэ прозэмрэ я зэхущытыкIэр. Усэр бзэм и лIэужьыгъуэу зэрыщытым щыхьэт техъуэ псалъэхэр. ПаузэкIэ зэджэр. Усэм паузэм щигъэзащIэ къалэныр. Я къэпсэлъыкIэ елъытакIэ щыIэ паузэ лIэужьыгъуэхэр. Усэм и макъ зэхэлъыкIэр. Усэр интонациекIэ къызэгъэпэща зэрыхъур. Усэ лIэужьыгъуэ щыIэхэр, абыхэм я | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуальных заданий |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | нэщэнэ нэхъыщхьэхэр.<br>**РифмэкIэ зэджэр**. Ритм: ритмкIэ зэджэр; усэм хэлъ ритмыр сыт хуэдэнуми зэлъытар; ритмым къежьапIэ хуэхъуар; ритмыр усэм и къару нэхъыщхьэхэм ящыщу къалъытэр.<br>**Усэ гъэпсыкIэхэр**. Усэ гъэпсыкIэкIэ зэджэр. ЩIэныгъэлIхэм нобэкIэ къахутауэ щыIэ усэ гъэпсыкIэхэр. Адыгэ усэ гъэпсыкIэр джыным елэжьахэр, абыхэм я лэжьыгъэу къэнахэм я фIэщыгъэцIэхэр. С. Нечаевым адыгэ усэ гъэпсыкIэм ехьэлIауэ иIа гупсысэхэр. Нэгумэ Шорэ адыгэ усэ гъэпсыкIэхэм ехьэлIауэ иIа гупсысэхэр. Ф. Юхотниковым адыгэ рифмэм ехьэлIауэ «Кавказым къикI письмохэр» и лэжьыгъэм щиIа гупсысэхэр. Хъан-Джэрий и «Шэрджэсым теухуа тхыгъэхэм» адыгэ усэ гъэпсыкIэм и хьэлхэм теухуауэ щитха гупсысэхэр. «Шэрджэсым теухуа тхыгъэхэм» Хъан-Джэрий адыгэ IуэрыIуатэм и рифмэм теухуауэ щыуагъэ щыIэщIэкIахэр. КIашэ Адэлджэрий и «Адыгэ уэрэдхэм я хьэлыр» лэжьыгъэр. КIашэ Адэлджэрий адыгэ IуэрыIуатэм зэригъэпэща рифмэм ехьэлIауэ иIа еплъыкIэхэр. Иджырей зэманым усэ гъэпсыкIэр джыным зи гуащIэ хэзылъхьахэр. КIуащ БетIал и «Нарт эпосым и усэ гъэпсыкIэр», «Къэбэрдей усэм и ухуэкIэр» лэжьыгъэхэм щIэныгъэлIым щиIа еплъыкIэхэр. Усэ гъэпсыкIэм теухуауэ Нало Заур иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр. Усэ гъэпсыкIэм теухуауэ Пщыгъуэтыж Алий иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр. Усэ гъэпсыкIэм теухуауэ ХьэкIуащэ Андрей иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр. | |
| 2. | Адыгэ IуэрыIуатэм и усэ гъэпсыкIэр | Адыгэ уэрэдым макъамэмрэ ежьумрэ щагъэзащIэ къалэнхэр. КъардэнгъущI З. и "Адыгэ уэрэдыжьхэм я зэпкърылъыкIэр" лэжьыгъэм я гъэпсыкIэ, ухуэкIэ я лъэныкъуэкIэ адыгэ уэрэдхэр зэрыщигуэшыр. КъардэнгъущI З. адыгэ уэрэдхэр зэрызэщхьэщигъэкI лIэужьыгъуэхэр. | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Тоническэ усэ гъэпсыкIэкIэ зэджэр, абы и нэщэнэ нэхъыщхьэр. Нало З. и лэжьыгъэхэм адыгэ уэрэдыжьхэм я композицэм и ухуэкIэм теухуауэ щиIэ гупсысэхэр. | |
| 3. | Адыгэ уэрэдхэм я строфар | СтрофакIэ зэджэр. Строфа лIэужьыгъуэу щыIэхэр. Адыгэ уэрэдхэм я строфам ехьэлIауэ КIуащ Б., Нало З., Пщыгъуэтыж А., ХьэкIуащэ А. сымэ я еплъыкIэхэр. Тираднэ строфакIэ зэджэр. РефренкIэ зэджэр. | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |
| 4. | Адыгэ уэрэдым и рифмэр | РифмэкIэ зэджэр, абы ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэм я еплъыкIэхэр. Рифмэм и къежьэкIэ, и зыужьыкIэ хъуам теухуауэ щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэ иджыкIэ щыIэхэр. Адыгэ уэрэдхэм я рифмэм и щхьэхуэныгъэхэр. АллитерацэкIэ зэджэр. АссонанскIэ зэджэр. АкромонограммэкIэ зэджэр. КIуащ Б. и "Нарт эпосым и усэ гъэпсыкIэр" лэжьыгъэм нарт пшыналъэм, адыгэ уэрэдыжьхэм рифмэм щиубыд увыпIэр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Пщыгъуэтыж А. рифмэм лъэпкъ уэрэдхэм щагъэзащIэ къалэну къилъытэхэр. | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |
| 5. | Силлабо-тоническэ усэ гъэпсыкIэр | Силлабо-тоническэ усэ гъэпсыкIэкIэ зэджэр, абы и нэщэнэхэр. СтопакIэ зэджэр. Силлабо-тоническэ усэ гъэпсыкIэм и жыпхъэхэр. ЯмбкIэ зэджэр. ХорейкIэ зэджэр. ДактилкIэ зэджэр. АмфибрахийкIэ зэджэр. АнапесткIэ зэджэр. | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |
| 6. | Лагоэд, "усэ щхьэхуит", "усэ хуит", "усэ хужь"-хэр къэбэрдей-шэрджэс усыгъэм | ЛагоэдкIэ зэджэр. «Усэ хуиткIэ» («вольный стих») зэджэр. «Усэ щхьэхуиткIэ» («свободный стих») зэджэр. «Усэ хужькIэ» («белый стих») зэджэр. | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |
| 7. | КIэух рифмэр къэбэрдей-шэрджэс усыгъэм | РифмэкIэ зэджэр. КIэух рифмэ лIэужьыгъуэхэр. Рифмэ къызэрыгуэкIкIэ зэджэр. Рифмэ зэхэлъкIэ зэджэр. ПанторифмэкIэ зэджэр. Рифмэ зэтехуэр. Рифмэ зэтемыхуэр. Я ударенэр зытехуэм елъытакIэ рифмэхэр зэригуэшыр. Усэ сатырым зэрыхэувэм елъытакIэ рифмэхэр гуэша зэрыхъур. Рифмэ зэIухамрэ зэхуэщIамрэ. Рифмэ пэжкIэ зэджэр. Рифмэ къулейкIэ зэджэр | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Рифмэ куукIэ зэджэр. Рифмэ нэмыгъэсакIэ зэджэр. | |
| 8. | ЩоджэнцIыкIу А. и рифмэм и гъэщIэгъуэнагъыр | ЩоджэнцIыкIу А. и рифмэ къэгъэсэбэпыкIэм и гъэщIэгъуэнагъыр. Мы едзыгъуэм къыщыгъэсэбэпа рифмэхэр:<br>*А си "къуэшу" дохутыр нэпцIу*<br>*ЦIыху гъэпцIакIуэу къэзыкIухь,*<br>*Хьеуан щIыкIэу шхын хуэпамэу*<br>*ПщIантIэ-пщIантIэм дэджэдыхь.*<br>("Дохутыр джэддыгъу")<br>ЩоджэнцIыкIу А. и "ТекI бжэщхьэIум" усэ едзыгъуэхэм хэт псалъэхэм ударенэ тегъэувэн, пычыгъуэкIэ зэпыудын, схемэ хуэщIын, пычыгъуэ дапщэ хъу стопакIэ тхами къэхутэн. Усэ едзыгъуэхэр зэрытха жыпхъэр гъэбелджылын. Едзыгъуэхэм къыщыгъэсэбэпа рифмэ лIэужьыгъуэхэр гъэнаIуэн.<br>ЩоджэнцIыкIу А. и "Майм и 1-м" усэр зэпкърыхын: усэ едзыгъуэхэм хэт псалъэхэм ударенэ ятегъэувэн, пычыгъуэкIэ зэпыудын, схемэ хуэщIын, пычыгъуэ дапщэ хъу стопакIэ тхами къэхутэн, усэ едзыгъуэхэр зэрытха жыпхъэр гъэбелджылын. Едзыгъуэхэм къыщыгъэсэбэпа рифмэ лIэужьыгъуэхэр гъэнаIуэн. Рифмэ къэзыгъэхъу псалъэхэр зэгъусэу къыхэтхыкIын.<br>ЩоджэнцIыкIу А. и "Къулъкъужын и зы махуэ" усэр зэпкърыхын: усэ едзыгъуэхэм хэт псалъэхэм ударенэ тегъэувэн, пычыгъуэкIэ зэпыудын, схемэ хуэщIын, пычыгъуэ дапщэ хъу стопакIэ тхами къэхутэн, усэ едзыгъуэхэр зэрытха жыпхъэр гъэбелджылын, едзыгъуэхэм къыщыгъэсэбэпа рифмэ лIэужьыгъуэхэр гъэнаIуэн, рифмэ къэзыгъэхъу псалъэхэр зэгъусэу къыхэтхыкIын. | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |
| 9. | Къэбэрдей-шэрджэс усыгъэм и строфикэр | СтрофакIэ зэджэр. ДистихкIэ зэджэр. ТерцеткIэ зэджэр. КатренкIэ зэджэр. СекстинэкIэ зэджэр. СептимэкIэ зэджэр. ОктавэкIэ зэджэр. ТриолеткIэ зэджэр. СонеткIэ зэджэр. | Консультация, выборочная проверка выполнение индивидуаль-ных заданий |

## 4.3. Методические указания к самостоятельному изучению разделов дисциплины

Самостоятельная работа аспирантов, предусмотренная учебным планом, соответствует более глубокому усвоению изучаемого курса, формированию навыков исследовательской работы и ориентирует аспирантов на умение применять теоретические знания на практике.

Задания для самостоятельной работы составлены по разделам и темам, по которым не предусмотрены аудиторные занятия, либо требуется дополнительно проработать и проанализировать рассматриваемый преподавателем материал в объеме запланированных часов.

Применительно к дисциплине «Основы адыгского стихосложения» они наполняются следующим содержанием:

Задание 1 . Работа с учебной литературой.

Задание 2. Работа с основной и дополнительной литературой в библиотеке и дома.

Задание 3. Ознакомление с поэтическими текстами. Разбор и анализ поэтических текстов.

Задание 4. Составление устного или письменного план-конспекта ответа на вопросы.

Задание 5. Исполнение письменной самостоятельной работы (реферата) по одной из указанных тем.

Задание 6. Работа с вопросами для самопроверки.

Задание 7. Подготовка к зачету.

### *Темы рефератов*

1. Адыгэ усэ гъэпсыкIэр джыным и IуэхукIэ. Абы елэжьа щIэныгъэлIхэр.
2. РифмэкIэ зэджэр. Рифмэ лIэужьыгъуэхэр.
3. Адыгэ (IуэрыIуатэ) рифмэм и щхьэхуэныгъэр.
4. Адыгэ усыгъэм къыщыгъэсэбэпа стопа лIэужьыгъуэхэр.
5. Адыгэ усыгъэм и жыпхъэ нэхъыщхьэхэр.
6. Адыгэ усыгъэм ямб жыпхъэм зэрызыщиужьар.
7. Адыгэ усыгъэм ямб жыпхъэм зэрызыщиужьар.
8. Адыгэ усыгъэм хорей жыпхъэм зэрызыщиужьар.
9. Адыгэ усыгъэм дактиль жыпхъэм зэрызыщиужьар.
10. Адыгэ усыгъэм амфибрахий жыпхъэм зэрызыщиужьар.
11. Адыгэ усыгъэм анапест жыпхъэм зэрызыщиужьар.

## *Вопросы к зачету*

1. УсэкIэ зэджэр. Усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. Усэмрэ прозэмрэ я зэхущытыкIэр. Усэр бзэм и лIэужьыгъуэу зэрыщытым щыхьэт техъуэ псалъэхэр.
2. ПаузэкIэ зэджэр. Усэм паузэм щигъэзащIэ къалэныр. Я къэпсэлъыкIэ елъытакIэ щыIэ паузэ лIэужьыгъуэхэр.
3. Усэм и макъ зэхэлъыкIэр. Усэр интонациекIэ къызэгъэпэща зэрыхъур. Усэ лIэужьыгъуэ щыIэхэр.
4. РифмэкIэ зэджэр. Адыгэ усыгъэм къигъэсэбэп рифмэ лIэужьыгъуэхэр.
5. Рифмэм ехьэлIауэ щIэныгъэлIхэм я еплъыкIэхэр. Рифмэм и къежьэкIэ, и зыужьыкIэ хъуам теухуауэ щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэ иджыкIэ щыIэхэр.
6. Ритм: ритмкIэ зэджэр; усэм хэлъ ритмыр сыт хуэдэнуми зэлъытар; ритмым къежьапIэ хуэхъуар.
7. Усэ гъэпсыкIэкIэ зэджэр. ЩIэныгъэлIхэм нобэкIэ къахутауэ щыIэ усэ гъэпсыкIэхэр.
8. Адыгэ усэ гъэпсыкIэр джыным елэжьахэр, абыхэм я лэжьыгъэу къэнахэм я фIэщыгъэцIэхэр.
9. С. Нечаевым адыгэ усэ гъэпсыкIэм ехьэлIауэ иIа гупсысэхэр.
10. Нэгумэ Шорэ адыгэ усэ гъэпсыкIэхэм ехьэлIауэ иIа гупсысэхэр.
11. Ф. Юхотниковым адыгэ рифмэм ехьэлIауэ «Кавказым къикI письмохэр» и лэжьыгъэм щиIа гупсысэхэр.
12. Хъан-Джэрий и «Шэрджэсым теухуа тхыгъэхэм» адыгэ усэ гъэпсыкIэм и хьэлхэм теухуауэ щитха гупсысэхэр.
13. «Шэрджэсым теухуа тхыгъэхэм» Хъан-Джэрий адыгэ IуэрыIуатэм и рифмэм теухуауэ щыуагъэ щыIэщIэкIахэр.
14. КIашэ Адэлджэрий и «Адыгэ уэрэдхэм я хьэлыр» лэжьыгъэр.
15. КIашэ Адэлджэрий адыгэ IуэрыIуатэм зэригъэпэща рифмэм ехьэлIауэ иIа еплъыкIэхэр.
16. Иджырей зэманым усэ гъэпсыкIэр джыным зи гуащIэ хэзылъхьахэр.
17. КIуащ БетIал и «Нарт эпосым и усэ гъэпсыкIэр», «Къэбэрдей усэм и ухуэкIэр» лэжьыгъэхэм щиIа еплъыкIэхэр.
18. Усэ гъэпсыкIэм теухуауэ Нало Заур иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.
19. Усэ гъэпсыкIэм теухуауэ Пщыгъуэтыж Алий иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.
20. Усэ гъэпсыкIэм теухуауэ ХьэкIуащэ Андрей иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр.
21. Адыгэ уэрэдым макъамэмрэ ежьумрэ щагъэзащIэ къалэнхэр.
22. КъардэнгъущI З. и «Адыгэ уэрэдыжьхэм я зэпкърылъыкIэр» лэжьыгъэм я гъэпсыкIэ, ухуэкIэ я лъэныкъуэкIэ адыгэ уэрэдхэр зэрыщигуэшыр.
23. Тоническэ усэ гъэпсыкIэкIэ зэджэр, абы и нэщэнэ нэхъыщхьэр.

24. СтрофакIэ зэджэр. Строфа лIэужьыгъуэу щыIэхэр. Адыгэ уэрэдхэм я строфам ехьэлIауэ КIуащ Б., Нало З., Пщыгъуэтыж А., ХьэкIуащэ А. сымэ я еплъыкIэхэр.
25. Тираднэ строфакIэ зэджэр.
26. РефренкIэ зэджэр.
27. АллитерацэкIэ зэджэр.
28. АссонанскIэ зэджэр.
29. АкромонограммэкIэ зэджэр.
30. КIуащ Б. и "Нарт эпосым и усэ гъэпсыкIэр" лэжьыгъэм нарт пшыналъэм, адыгэ уэрэдыжьхэм рифмэм щиубыд увыпIэр къызэрыщыгъэлъэгъуар.
31. Пщыгъуэтыж А. рифмэм лъэпкъ уэрэдхэм щагъэзащIэ къалэну къилъытэхэр.
32. Силлабо-тоническэ усэ гъэпсыкIэкIэ зэджэр, абы и нэщэнэхэр.
33. СтопакIэ зэджэр.
34. Силлабо-тоническэ усэ гъэпсыкIэм и жыпхъэхэр.
35. ЯмбкIэ зэджэр. Щапхъэ.
36. ХорейкIэ зэджэр. Щапхъэ.
37. ДактилкIэ зэджэр. Щапхъэ.
38. АмфибрахийкIэ зэджэр. Щапхъэ.
39. АнапесткIэ зэджэр. Щапхъэ.
40. СтрофакIэ зэджэр.
41. ДистихкIэ зэджэр.
42. ТерцеткIэ зэджэр.
43. КатренкIэ зэджэр.
44. СекстинэкIэ зэджэр.
45. СептимэкIэ зэджэр.
46. ОктавэкIэ зэджэр.
47. ТриолеткIэ зэджэр.
48. СонеткIэ зэджэр.
49. ЩоджэнцIыкIу А. и рифмэ къэгъэсэбэпыкIэм и гъэщIэгъуэнагъыр.
50. КIуащ БетлIал и усыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

## 5. Образовательные технологии

Освоение курса «Основы адыгского стихосложения» предполагает использование как традиционных, так и инновационных образовательных технологий, а также настоятельно требует рационального их сочетания.

Традиционные образовательные технологии подразумевают использование в учебном процессе таких методов работы, как лекция, практическое занятия, семинар и др.

Лекционные формы обучения являются основными. Их результаты проверяются в рамках соответствующей формы отчетности (зачета) согласно списку вопросов, утвержденных на заседании кафедры.

Используются и интерактивные формы проведения занятий (компьютерные презентации, деловые и ролевые игры, разбор конкретных ситуаций и т.д.) с целью формирования и развития профессиональных навыков аспирантов.

## 6. Оценочные средства для текущего контроля успеваемости и промежуточной аттестации

Формы контроля (*текущего, промежуточного и итогового*) по дисциплине определяются в соответствии с учебным планом образовательной программы и в соответствии с действующим Положением о фондах оценочных средств для контроля качества образования по программам подготовки научно-педагогических кадров в аспирантуре НОЦ КБНЦ РАН.

Виды контроля знаний:

текущий (в форме экспресс-опросов, рефератов);

промежуточный (коллоквиумы, контрольные работы);

итоговый (зачет, которым завершается курс).

### 6.1. Задания для самостоятельной работы

1. **<u>Усэ едзыгъуэхэр зэпкъырыфх мы схемэм тету:</u>**

- Усэр сыт хуэдэ жыпхъэм тету тхами зэхэвгъэкI.
- Сатыр къэс пычыгъуэкIэ зэпывуд, ударенэр тевгъэувэ, стопа бжыгъэр къыжыфIэ.
- Схемэ хуэфIщи усэр зэрыт жыпхъэр къэфхутэ.

1) СыкIуэнт нэхъ псынщIэу схузэфIэкIым, –
Мычэму си шыр согъэлъэхъу.
Ныбжьэгъу, уэ фIыкIэ уигу сыкъэкIым,
Си гъуэгу кIыхь хъуну къызэхъуэхъу.
(КIыщокъуэ А.)

2) Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къысхуэгъэс.
Арат цIыхубзым къысхуищIэну
СызэрелъэIур нобэм къэс.
Кхъужьей къудамэм и гъусэнут
Псы уэр уэрэду си гъэфIэн.
Пшынэншэу къуршхэр къеуджэкIмэ,
Сахэт си гугъэу сыгуфIэнт.
(КIыщокъуэ А.)

3) Уэр мыхъуам, сыбгъэ дамэншэт.
Шыуанынщэ лъахъшт,
Жыг къута щIэгъэкъуэнынщэт,
Шэншэу жэм шхуэл къашт.

(КIуащ Б.)

4) СIыгъщ мывэ телъыджэ,
Тхыдэр къигъэятэу,
СфIощI "ИстамбылакIуэ"
Гъыбзэр къысхуиIуатэ.

(Хьэнфэн А.)

5) Сэтэней дахэу нэ пIащэ,
Дыщэгъуэ щхьэцыр зи щIакIуэ,
ЕкIуу гъэпсауэ уолажьэ,
Махуэ дыгъэпсым щыхэхъуэ!

Уэ умыгъагъэмэ – сыт дыгъэр?
Уэ умыгуфIэмэ – сыт IэфIыр?
Уэращ, си дахэу сэ си псэ,
ПсэукIэ псори зыгъэфIыр.

(ЩоджэнцIыкIу А.)

6) Пщащэм и нэ,
И псэм хуехь
Гъатхэм и дахагъэр.
Гъатхэм и нэ,
И псэм хуехь
Пщащэм и дахагъэр.

(Тхьэгъэзит З.)

7) Мажэ уэру Урыхужан къэкъуалъэу,
И псыпыхухэм щыщ макъ ин яIэт.
Хьэуэ, хужьу апхуэдизу лъалъэу
Ехыр псыкъым – цы удащ жыпIэнт.
Мес, Лусанэ а псы уэр ежэхым
Нэ къулэныр теплъызэурэ йоплъ.
Йоплъ хуэсакъыу щхьэщыхьауэ уэхым.
ЗиIэтауэ дыгъэм щIыр егъэплъ.

(ЩоджэнцIыкIу I.)

8) МафIэр мэлъыхъуэ щхьэегъэзыпIэ,
Ауэ зыщIыпIи къыщимыгъуэт.
ЖыпIэну уафэр зэгуегъэзыпэ,

Зэм ди щхьэщыгум ар къыщохъуэпскI.
(Ацкъан Р.)

9) Жэщым и макъым щIэгъуалъхьэ гупсысэм
ЗыкъызешэкIри IэплIэ къысхуещI.
СIэщIэкIуэсыкIрэ къимыгъэззэжу
Псэм и щытыкIэр къэсщIэну сыхуейщ.
(Къаныкъуэ З.)

10) Мо уэгум сыт щыгъуи сехъуапсэрт
ХуэбзыщIт зэрыхуейуи и щэху.
Мы щIылъэ гужьейм къыщыкIуасэм,
Иухуэнурэ вагъуэм нур кIапсэ.
(ГъущIо З.)

11) Уи вагъуэр си вагъуэм дыхыхьэу зы пшэху,
Щыхъунукъым фагъуэ, къахуэнэу зы щэху.
Арами, сигу накIуэм джэш дзыныр и Iуэху? –
КъеIэзэт, гъэIэсэт, си тIасэ.
(Бещтокъуэ Хь.)

12) Бзий кIапэ удзыпэ кIэзызым къытощ,
ЖыпIэну гупсысэр уи нитIым къыщIощ.
КъыщIэщым и закъуэ, къащIихыу къысфIощI,
Абы къыщымынэ – къысхохьэ, къысхощ.
(Бещтокъуэ Хь.)

13) Гъэуназэ мы си щхьэр, пшынэбзэ,
Псэм хыхьэу уэрэдыр къэшэщI,
Сыт щыгъуи бзу цIыкIуу бззэрабзэ,
МакъамэкIэ си гур къэтхьэщI.
(Хьэвжокъуэ Л.)

14) Уэшх къешхащ, нэгу щIигъэкIыу хы лъащIэр,
Щоу дунейм бдзэжьеимэ.
Зихъумэжу, удз кIырыр гъуэлъащи,
ЩIыри бгъэгукIэ ехъумэ...
(Ацкъан Р.)

15) Жэщ ныкъуэщ. Жыгхэр мэдаущыр,
Къуршыжьхэр пфIощI адакъэ сыдж.
Толъкъун IэфIыпсхэм ядэущу
Инжыдж нэпкъ лъагэм щIокIуэсыкI.
(Бемырзэ М.)

16) Дунейм плъагъуным щхьэкIэ и дахагъыр,
УиIэн хуейщ Гомер нэф и нэ жанагъыр.
Хихьэным щхьэ бзу макъыр псэмрэ гумрэ,
Бетховен дэгу уиIэн хуейщ и тхьэкIумэр.
(Бемырзэ М.)

17) БжьыхьэкIэр къэсмэ, псори пщогъупщэжри
УощIыфыр тыгъэ щIым хуэмыгъэхъей,
ГъащIэм ипхъэхми, гъащIэр зыгъэбжьыфIэ
Си ныбжьэгъу лъапIэ къызитам нэхъей.
(Брай А.)

2. **<u>Усэ едзыгъуэр зэпкъырыфх мы схемэм тету</u>:**

- Усэр сыт хуэдэ жыпхъэм тету тхами зэхэвгъэкI.
- Сатыр къэс пычыгъуэкIэ зэпывуд, ударенэр тевгъэувэ, стопа бжыгъэр къыжыфIэ.
- Схемэ хуэфщIи усэр зэрыт жыпхъэр къэфхутэ.

СощIэж – Мадинэ и набдзэр
МазэщIэм хуэдэу къурашэу,
ПшэкIухьым ещхьу щхьэц фIыцIэм
Напэхум жьауэ трищIэу,
Сырымэ щIэлъу къыпфIэщIу
Нэ фIыцIэ пIащэхэр лыдыжырт.
Щыгъэхум ещхьу щынэдзэр
Iупэ плъыжь пIащIэм къыIущырт.
(ЩоджэнцIыкIу А.)

3. **<u>Усэ едзыгъуэр зэпкъырыфх мы схемэм тету:</u>**

- Усэр сыт хуэдэ жыпхъэм тету тхами зэхэвгъэкI.
- Сатыр къэс пычыгъуэкIэ зэпывуд, ударенэр тевгъэувэ, стопа бжыгъэр къыжыфIэ.
- Схемэ хуэфщIи усэр зэрыт жыпхъэр къэфхутэ.

КъэзыIэтым ныдэкIуатэу
ЩIыгум сабэр къыщохъей,
Ар колхозым ди шыбз гуартэр
Псыхъуэ гъуэгукIэ ныдокIуей.
*ЕЖЬУ*:
Ди хэку лъапIэм
Шы хуэдгъасэр
Нэгъэсауэ адыгэшщ.
Ноби шэс,

Дэни нэс,
Япэ итым
Ар лъэщIохьэ,
КъылъэщIыхьэр ирегъэш.
(КIыщокъуэ А.)

**4. Усэ едзыгъуэхэр зэпкърыфх мы схемэм тету:**

- Усэр сыт хуэдэ жыпхъэм тету тхами зэхэвгъэкI.
- Сатыр къэс пычыгъуэкIэ зэпывуд, ударенэр тевгъэувэ, стопа бжыгъэр къыжыфIэ.
- Схемэ хуэфщIи усэр зэрыт жыпхъэр къэфхутэ.
- 

1) Макъ лъэщкIэ зигъэIуу, губгъуэшхуэм,
ЗэуапIэм Iут щIыкIэу, жырышыр пхырокI.
МыкIащхъэу къарухэр гъущI лъынтхуэм
Лэжьыгъэ гъэбатэу щызэблокI.
(ЩоджэнцIыкIу I.)

2) Уи гъуэгум нэхърэ нэхъ гъуэгу кIыхь
ЗыкIуа мафIэгу щымыIэ,
ЛIэщIыгъуэ някъуэ нэблэгъащ,
Уэ уокIуэ,
УокIуэ,
УокIуэ ...
(Тхьэгъэзит З.)

**5. Усэ едзыгъуэхэр зэрытха жыпхъэр гъэбелджылы. Рифмэ къэзыгъэхъу псалъэхэр зэгъусэу къыхэтхыкI. КIэух рифмэ лIэужьыгъуэхэр гъэбелджылы. Схемэ щIы.**

1) Мыин дыдэу сурэт фIэлъщ си пэшым,
КъруитIыр жыпцIэ чэнжым хэтщ.
Сэри си псэу уэ зым ныпхуэзэшым
КъигъэщIа уи теплъэр нэгум щIэтщ.

Мыин дыдэу сурэт фIэлъщ си пэшым,
КъруитIыр удз гъэгъам бгъэдэтщ.
Уэ уи лъагъуныгъэр, ещхьу хуэшым,
Псэр ихузу си Iэпкълъэпкъым хэтщ.
(Къэгъэзэж Л.)

2) И шыкIэ пшынэр игъэбзэрабзэурэ
Дадэ си нэпсыр къысфIыщIеш.

Макъамэ лантIэр убзэрабзэурэ
Сигу пцIанэм усэ къыщреш.
(Тхьэгъэзит З.)

3) Псыхьэлъахуэ мафIэ щIызогъэстри
МафIэ бзийхэм изогъэу мы си Iэр,
Ауэ урыхупсым хузогъэпсыр
Сэ IэфIыгъуэу мы дунейм щызиIэр.
Сэ мыбы сыкъокIуэ махуэ къэскIэ,
Си псэр урыхупскIэ согъэхъуэпскIыр.
Хуэму къопсэужри адыгэпсэр,
Псы дэущым хоткIуэ цIыхухъу нэпсыр.
(Нало З.)

4) Акъылыр гъащIэм и дэуэгъуми,
ГуфIэгъуэм гуауэр къуэш ищIащ.
ЩIым ехыжахэр дымылъагъуми,
ГукъэкIыж къуэпскIэ дапыщIащ.
(Мыкъуэжь А.)

5) НэгъуэщI игъащIэм темысами
ЗэвыпIэм си шыр щызэгъа?
Зы увыIэпIэм емысами
КъуэкIийм си алъпыр щалъэхъа.
(КIыщокъуэ А.)

6) Си ныбжьэгъу цIыкIухэм я кIий макъыр,
си шыпхъу нэхъыщIэм и гъы макъыр,
жыг пщIащэм я Iущащэ макъыр,
ди Бахъсэныжь и даущ макъыр.
(Къэжэр Хь.)

7) Сыщалъхуа къуажэм згъэзэжащи,
Аргуэру си гур мэпIейтей
Зы щIы IэмыщIэ къэсIэтащи,
Сэ IэгукIэ сIыгъыу сфIощI дунейр.
(Балъкъыз Б.)

6. <u>**Усэ едзыгъуэхэр мы щIыкIэм тету зэпкърых**</u>.

- Усэ едзыгъуэхэм хэт псалъэхэм ударенэ ятегъэувэ, пычыгъуэкIэ зэпыуд, схемэ хуэщI.
- Пычыгъуэ дапщэ хъу стопакIэ тхами къэхутэ.
- Стиххэр стопа дапщэ хъуми тхы.
- Усэ едзыгъуэхэр зэрытха жыпхъэр гъэбелджылы.

- Едзыгъуэхэм къыщыгъэсэбэпа рифмэ лIэужьыгъуэхэр гъэнаIуэ.
- Рифмэ къэзыгъэхъу псалъэхэр зэгъусэу къыхэтхыкI.
- Едзыгъуэхэр зэрызэхэт стих бжыгъэмрэ апхуэдэ едзыгъуэхэм зэреджэмрэ фтхы.

1) Губгъуэм япэ ситщ,
Тхылъхэм си цIэр итщ,
Уэ дагъуэ схуэпщIым жыпIэн ухуитщ.
(КIуащ Б.)

2) МыIэрысэм
И гъуэ мыхъуу
И мэ IэфIыр къыпимых.
Лъагъуныгъэр
Гум нэсакъым
ЖыпIэу си псэр къыIуумых.
(КIыщокъуэ А.)

3) Лъэр нышIогъуащэ жэщ вагъуэбэм,
УдзыпцIэм щэхуу сыныпхокI.
МазэщIэр хуэму къысхущIокI.
Лъэр ныщIогъуащэ жэщ вагъуэбэм.
Мазэгъуэ жэщым сигъэхуабэу,
Псэхугъуэр си пкъым ныщхьэщокI.
Лъэр ныщIогъуащэ жэщ вагъуэбэм,
УдзыпцIэм щэхуу сыныпхокI.
(Абазокъуэ Къ.)

4) Уэгу пшагъуэм ит вагъуэу
Иджыри сощIэж,
Уи нитIыр нэпсыбэм
Ятхьэлэу лыдат,
"Бийм текIуэ, си щIалэ,
Узыншэу къэкIуэж", -
Ар жыпIэу си ужьым
УимыкIыу уитат.
(КIыщокъуэ А.)

5) Апхуэдэ защIэщ
Ди дунейр,
Зауэншэ хъуркъым.
Куэдщ нэпсейр.
Гъэгъат хъарзынэу
Жыг хэтсар,
Арщхьа нэхъыбэщ
Гузэсар.

Дэрт зауэ-банэу
Емысар.
(КIыщокъуэ А.)

6) Насып дыгъэпсу IэфIыщэм
Гум мыух лъагъуэр ныпхеш...
Хэку "Сабиигъуэу" – лъапIащэ! –
Уэ сыпхуэныкъуэу сигу хощI!..
(Балъкъэр Ф.)

7) Нобэ гупсэхуу уафэм дэплъейм,
нэхъ насыпыфIэ темыт мы дунейм.
Бжы – а насыпыр сэ уэстауэ,
цIуугъэнэр сыт – абы елъытауэ.
(Къэжэр Хь.)

8) Уи гур уи псэм хуэхъумэ гъуазэ,
УкIуэдами, къимыгъазэ.
ЩIыхум и гур арщ зыхуэдэр.
Гуауэу иIэр куэд е мащIэ -
ЕбзыщIыфыр уимыгъащIэу.
ЩIыхум и гур арщ зыхуэдэр.
(КIыщокъуэ А.)

9) Дэ дыкъалъху дыкъэмыплъэфу,
ДымыкIуэфу дызыхуейм.
Дэ къыддалъху гугъэ IэфIыр,
Дытришэрэ дунейм
ЩIым и гъунэм дигъэплъэфу.
(КIэщт М.)

10) Сигу хьэщыкъ лыдар
Уэрщи зубыдар,
Узмылъагъумэ, махуэр кIыфI сфIощI.
Ауэ гухэлъ сщIар
Хэутэн зыщIар
Лъагъуныгъэ мыщIщи, си гур хощI.
(ЩоджэнцIыкIу I.)

11) Гухэлъыр мафIэу маблэ, –
Ныбжьэгъухэм фи нэр вгъаплъи,
ЗевгъэщIыт джэгум кIащхъэ, -
КъытхуещI лэгъунэм нащхьэ.
Уей дуней, уей дуней,
Псэм хэлъыр гуащIэмэ
Жэщу кIыхьри мащIэкъэ, уей.
(Балъкъэр Ф.)

## 7. Учебно-методическое обеспечение дисциплины

### 7.1. Основная литература


1. Адыгэ литературэм и тхыдэ (История адыгской (кабардино-черкесской) литературы). – Нальчик, 2010. – Т.1.
2. Адыгэ литературэм и тхыдэ (История адыгской (кабардино-черкесской) литературы). – Нальчик, 2013. – Т.2.
3. *Брюсов В.Я.* Основы стиховедения. Общее введение. Метрика и ритмика. М., 2012.
4. *Илюшин А.А.* Русское стихосложение. Учебное пособие для вузов. – М.: Высшая школа, 2009.


### 7.2. Дополнительная литература


1. *Гутов А.М.* Поэтика и типология адыгского нартского эпоса. – Нальчик, 2000.
2. История адыгейской литературы в 3-х томах. – Майкоп, 2007.
3. *Куашев Б.И.* Стихосложение нартского эпоса. Собр. соч. в двух томах. – Нальчик, 1966. Т.2.
4. *Куашев Б.И.* Строение кабардинского стиха. Собр. соч. в двух томах. – Нальчик, 1966. Т.2.
5. *Кардангушев З.П.* Поэтика адыгских песен // Вестник КБНИИ. – Нальчик, 1970. Вып. 3.
6. *Налоев З.М.* Институт джегуако. – Нальчик, 2011.
7. *Пшиготижев А.* Кабардинское стихосложение. – Нальчик, 1981.
8. *Хакуашев А.Х.* Адыгское стихосложение. Нальчик, 1998.


### 7.3. Интернет-ресурсы

Электронная библиотека КБГУ
Центр-Интернет
Единое окно доступа к образовательным ресурсам // http://window.edu.ru
Информационно-справочный портал // library.ru
Публичная электронная библиотека // Public- library.narod.ru
Российский общеобразовательный портал // www.school.edu.ru
Русская виртуальная библиотека // www.rvb.ru
Русский филологический портал // www.philology.ru
Федеральный портал «Российское образование» // www.edu.ru
Энциклопедии, словари, справочники // www.enciklopedia.by.ru
Российская государственная библиотека (РГБ) // E-mail: post@rsl.ru
Библиотека Российской академии наук (БАН) // E-mail: ban@info.rasl.spb.ru. http://www.ban.ru

## 8. Программное обеспечение современных информационно-коммуникационных технологий

Учебная дисциплина должна быть обеспечена учебно-методической документацией и материалами. Под информационной технологией подразумевается любая педагогическая технология, поскольку основу технологического процесса обучения составляет получение и преобразование информации. Компьютерные (современные информационно-коммуникационные) технологии обучения – это процесс подготовки и передачи информации обучаемому. При этом средством осуществления их является компьютер. При подготовке к занятиям с использованием ИКТ преподаватель составляет их планы исходя из целей, при отборе учебного материала он должен соблюдать основные дидактические принципы: систематичности и последовательности, доступности, дифференцированного подхода, научности и др. При этом компьютер не заменяет преподавателя, а только дополняет его. Всему этому способствуют презентационные формы занятий, подготовленные для работы с компьютером и интерактивной доской.

## 9. Материально-техническое обеспечение дисциплины

В соответствии с требованиями ФГОС институт должен располагать специализированными кабинетами, лабораториями, соответственно и лингвистическим кабинетом и/или лабораторией.

Для освоения курса «Основы адыгского стихосложения» требуется:

– доступ к ЭБС «КнигаФонд» КБГУ;

– доступ к Национальной библиотеке КБР им. Т.К. Мальбахова;

– доступ к Интернет-ресурсам;

– учебный класс, оснащенный оргтехникой и мультимедийными средствами.

В ИГИ КБНЦ РАН имеется и используется следующее специализированное лабораторное оборудование для обеспечения процесса обучения аспирантов:

1. Каб. 42. Оснащен необходимым комплектом техники – компьютерами, подключенными к сети Интернет, принтерами, сканером.
2. Каб. 40. Оснащен необходимым комплектом техники – компьютерами, подключенными к сети Интернет, принтерами, сканером.

В ИГИ КБНЦ РАН также имеется научный архив и специализированная фольклорная фонотека.